кинофестивалга қатнашди. 1998 йили "Орол қандай бўлган эди" фильми Сорос фонди мукофотига сазовор бўлди. "Отбеги" фильми Инсбургдаги (Австрия, 2005) халқаро кинофестивал совриндори, "Қудуқ" фильми Бильбао фестивалида (Испания, 2005) "Кумуш ярим ой" мукофотига, Голландия кинофестивалида кумуш медалга сазовор бўлди. "Фидойилар" фильми Испанияда бўлиб ўтган кинофестивалда "Кумуш айиқ" номли Гран-при совринини, [7] 2001 йили Бухорода ўтказилган ўзбек миллий киноси фестивалида "Кўкпар" фильми "Қанотли туя" мукофотини олди. 2002 йилда эса "Она" фильми Бухоро кинофестивалининг махсус мукофотини олишга муяссар бўлди [1]. Шунингдек студия киноижодкорлари 2018 йили тасвирга олинган "Пойтахт Шаҳрим Нукусим" ҳужжатли фильми билан "Энг улуғ энг азиз" кўрик танловида қатнашиб "Гран-При" совринини олишга муяссар бўлишди [11]. Булар "Қорақалпоқфильм" студиясининг мустақиллик йилларидаги қўлга киритган ютуқлари бўлиб улар мамлакатимиз маданий-маънавий юксалишига хизмат қилувчи, халқ ҳаётининг экрандаги тасвирини оламга намойиш этувчи жонли лавҳалар сифатида тарихда ўз изини қолдириши шубҳасиздир.

Хулоса ўрнида шуни айтиш мумкинки, Қорақалпоғистон умуммаданияти силсиласида кино санъатининг ташкил қилиниши ва унинг мустақиллик йилларида мустақил киностудияга – "Қорақалпоқфильм"га айлантирилиши Қорақалпоғистон Республикаси халқи маданий ҳаётида катта воқеа бўлди.

**Адабиётлар**


1. Нызанов М. Кино қалай жаратылды ? – Нөкис: «Билим», 2014. 52-б.
2. Тажадинова Г. Н. Экологическая тема в документальном кино Каракалпакии. // Научный журнал. 2022. –С. 145.
3. "Қорақалпоқфильм" киностудияси жорий архиви. 1996-2000 йиллар яратилган фильмлар рўйхати. 4-б.
4. "Қорақалпоқфильм" киностудияси жорий архиви. 2005 йил яратилган фильмлар рўйхати. 1-б.
5. Тюгай Г. В картинах – дыхание жизни. / Вести Каракалпакстана. 2005. 29 октябрь.
6. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. -Тошкент: "Ўзбекистон", 2000. 103-б.
7. Аҳмедов Б. Кино олами. -Тошкент: "Lesson press», 2021. 197-б.
8. Джумашев А., Нуржанов С., Уразова Л., Таджиева Р. Қарақалпақстан тарийхы. – Нөкис: «Илим», 2018. 186-б.
9. "Қорақалпоқфильм" киностудияси жорий архиви. 2013 йил яратилган фильмлар рўйхати. 2-б.
10. Хужаниязов У. (2023). "Қорақалпоқфильм" студияси хужжатли фильмларида тарихий мавзулар талқини. Ижтимоий-гуманитар фанларнинг долзарб муаммолари / Актуальные проблемы социально-гуманитарных наук / Actual Problems of Humanities and Social Sciences., 3(S/8). https://doi.org/10.47390/SPR1342V3SI8Y2023N03.
11. Тилепов Қ.Н. (2023). Ҳужжатли фильмларида режиссёрлик маҳорат. *Educational Research in Universal Sciences*, *2*(1 SPECIAL), 454–459. Retrieved from. http://erus.uz/index.php/er/article/view/1837.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу илмий мақолада мустақиллик йиллари "Қорақалпоқ фильм" студияси томонидан тасвирга олинган ҳужжатли фильмларнинг мавзу ва жанрлари таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной научной статье анализируются темы и жанры документальных фильмов, снятых студией «Коракалпок фильм» в годы независимости.

**SUMMARY.** This scientific article analyzes the themes and genres of documentaries produced by the "Karakalpak film" studio during the years of independence.


# ТАРИЙХЫЙ ФОЛЬКЛОР ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ

***(Үстирттеги тарийхый естеликлерге байланыслы аңыз-рәўиятлар ҳаққында)***


**Е.Е.Қанаатов –** *докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Устюрт, Пулжай, тарихий воқелик, фольклор, Иброҳим Адҳам, шоҳ.

**Ключевые слова:** Устюрт, Пулжай, историческая реальность, фольклор, Ибрагим Адхам, царь.

**Key words:** Ustyurt, Puljay, historical reality, folklore, Ibrahim Adham, king.


Тарийх бетлеринде, дөретиўши халық турмысында өшпес из қалдырған социал-тарийхый ўақыя-ҳәдийселер яки реал шахслар искерлигиниң айырым тәреплери тарийхый фольклор, яғный тарийхый дәстан, тарийхый қосық, тарийхый аңыз ҳәм тарийхый рәўиятларда өз көринисин табады [1:4].

Қарақалпақ фольклорында да тарийхый ўақыя-ҳәдийселерди сәўлелендиретуғын тарийхый дәстан, жыр-толғаў, қосық ҳәм аңыз-рәўиятлар баршылық.

Үш мың жыллар бойы көшпелилер ушын жәннет мәкан жер саналған Үстирт тегислигинде гезлесетуғын тарийхый-мәдений естеликлер бойынша да талай аңыз-рәўиятлар дөрелген. Сондай аңызлардың бири Жезкемпир естелиги ҳаққында.

Қоңырат қаласынан күнбатыста, отыз шақырымдай қашықлықта бирден үш атама менен Жезкемпир, Пулжай, Теңгешашқан деп аталған орын бар. Қоңырат районы тарийхы бойынша билимдан, Өзбекстан халық билимлендириў ағласы, нураный Жаббарберген (Жапақ) Шамуратовтың бизге берген мағлыўматына көре, бул орталықта бурында аса бай Жезбийке деген ҳаял жасаған. Қартайған шағында оны Жезкемпир деп атап кеткен. Оның есап-сансыз төрт түлик малы, бирнеше мың сандық толы алтыны бар екен. Ол күнлерден бир күни қарақурымдай, қүдиретли жыртқыш, жаўыз жаў қаплап киятырғанын, олардың алдында гезлескен аўыл-қалаларды қыйратып, өртеп, қарсыласқанларды қумырсқадай қырып таслайтуғынын еситеди ҳәм өз елиниң де бул жаўға төтепки бере алмайтуғынлығын түсинеди. Қол астындағы неше жүзлеген хызметкерлерине сом алтынларды қуймаға айландыртады. Ири теңгелерди еки ямаса төрт бөлип, майдаларын солайынша қалдыртады, соң даланлыққа дән сепкен сыяқлы шаштыртады. Үстинен қос пенен терең етип сүрдирип жибереди. Төрт түлик малын таў-тоғайға, сахра-шөлге асыртады. Оның сондағы ойы «байлығым душпанның қолына түсип талан-тараж болғаннан, мени дәўлетли еткен халқым соңғылықта алтын пәршелерин, төрт түлик малды излеп таўып пайдалансын, тарықпасын» дегени екен. Солай да болған [2].

Бул орынның Жезкемпирге қосымша Пулжай, Теңгешашқан аталыўы жоқарыда сөз етилген эпсанадағы ўақыяға байланыслы келип шыққан. Ҳәзирги күнлерде де усы жерден излеген адам ески жез теңгелерди табады, ертеректе майда алтын бөлеклерин, теңгелерди де тапқан.

Аңызда айтылған Жезкемпирди Жапақ ағаның әкеси Шамурат Хожабай улы (1909-1964) Хорезмшаҳтың анасы деп айтатуғын болған. Тап усы гәпти Жапақ аға өзи менен жаслы қоңыратлы Жумабайдан да еситкен екен. Ол болса марҳум әкеси Досбергеннен еситкен.

Хорезмшаҳтың анасы – Туркан Қатын (Қатын – ҳүкимдар яки ҳүкимдарлар менен мәмлекетти тең басқаратуғын ҳаялларға берилген сол дәўирдеги ең жоқары атақ, мәртебе). Қүдиретли Селжукийлер мәмлекети қол астынан шығып Хорезмди және ғәрезсизликке еристириў мақсетинде Хорезмшаҳ Текеш

(ҳүкимдарлық жыллары 1193-1200) Қыпшақ ханы Жанкиси менен аўқам дүзеди ҳәм оның қызы Турканға үйленеди. Бул қыз бенен келген қәўимлеслери Текештиң, соңғылықта Туркан Қатыннан туўылған Муҳаммедтиң әскериниң тийкарғы күши болып қалды. Нәтийжеде, Арал теңизинен Ҳинд океанына дейинги, Ирактан Шығыс Түркистанға дейинги аралықларды ийеледи [3].

Хорезмшаҳ Муҳаммед (ҳүкимдарлық жыллары 1200-1220) пүткиллей анасының тәсиринде және де дәлрек айтсақ, ис жүзинде Туркан Қатынның бийлигинде еди. Себеби, дерлик әскерий күш оның қолында еди. Сонлықтан да, Шыңғысханға күшти бир жерге топлап ҳүжим етиў туўралы баласы Жалаладдин Мангубердиниң усынысын қабыл етпей, анасы Туркан Қатынның ҳәр бир қала өзин қорғасын, солай етип душпанды ҳәлсиретсин, сонда аңсат жеңиске ерисемиз, деген мәсләҳәтине көнеди. Бул мәсләҳәт өзин-өзи ақламағаны тарийхтан белгили. Бирақ, бәрибир Туркан Қатын тарийхый ири тулға. Хорезмниң дүньядағы қүдиретли мәмлекетлердиң бирине айланыўында оның тиккелей хызмети бар [2].

"Пулжай" яки "Теңгешашқан" атамаларының пайда болыўына байланыслы және мынандай аңыз бар. "Ертеде усы жерде кәрўан сарайы болған. "Ноғай жолы" деген ат пенен белгили усы кәрўан жолы бойында жайласқан кәрўан сарайда Елмурат ҳәм Абадан исмли ерли-зайыплы өмир сүреди. Олар бийперзент болады. Жасы орта жастан асып, перзентли болыўдан үмити үзилгеннен кейин ерли-зайыплылар кәрўаншы саўдагерлерге хызмет ете баслайды. Ҳәр саўдагерден түскен хызмет ҳақылары оларды байытып жибереди. Байлықты мийрас қалдыратуғын перзентлери болмағаннан кейин Абадан кемпир жез теңгелерин шашып халыққа үлестиреди екен. Бул орынның және бир атамасы "Жезкемпир". Бул да жез теңгелерди шашқан кемпир исми менен байланыслы" [4].

Илимий әдебиятларда Пулжай аты менен көбирек мәлим болған бул тарийхый орын бирнеше тарийхый объектлерден ибарат. Үстирт платосының шетинде, жыра меридионалдан кеңисликке бағдарын өзгерткен жерде минара қалдықлары ҳәм белгисиз объектлер бар. Жыраның төбесинде қалаша, ал, төмендеги кеңисликтеги кең майданда қоршалмаған елат ҳәм қәбирстан орынлары жайласқан.

Комплекс Хорезм археологиялық-этнографиялық экспедициясы тәрепинен 1946-жылы ашылған болып, ол ҳаққында дәслеп Я.Ғуломов қысқаша есабат жазды. 1960-жыллардан баслап ҳәр қыйлы жылларда қарақалпақ илимпазлары профессорлар В.Ягодин, М-Ш. Қыдырниязов басшылық еткен экспедиция ағзалары қунлы материаллар тапты.

Изертлеўлер жуўмағы соны көрсетеди, Пулжай отырықшы ҳәм көшпелилер қоныс тапқан мәкан болған. Усы жерге көшпелилер қыслаў ушын ҳәмде кәрўанлардан товар алмасыў ушын ағып келген [5].

X әсирден баслап Хорезм трансконтинентал саўда байланысларында өз статусына ийе болды. Уллы Жипек жолының Орайлық Азиядан өткен тийкарғы тармағы Хорезм арқалы өтти. XI-XIII әсирлерде Қубла Аралбойы қалалары Орта ҳәм Жақын Шығыс мәмлекетлери, Ҳиндистан, Қытай, Монғолстан, Шығыс Европада Кавказ, Рус, Волгабойы Булғариясы, Дешти-Қыпшақ көшпелилер дүньясы менен транзит жолы менен байланысты. Усы кәрўан транзити бойында сол ўақытлары Гит (ҳәзирги Пулжай яки Жезкемпир) қаласы да бой тикледи [6:97-100].

Пулжай тарийхый комплексинен кәрўан сарайы орны табылды [7:87].

Фольклорлық-тарийхый изертлеўлерден мәлим, үлкен тарийхый ўақыялар яки исми кең танылған шахслар ҳаққында аңызлар өрбийтуғыны тәбийий. Заманының атақлы ҳаял-бийлеўшиси болған Туркан Қатын ҳаққындағы бул аңызлар тарийхый ҳақыйқатлыққа сәйкес келмеўи мүмкин, лекин, Шыңғысхан бастырып келгенде Туркан Қатын барлық байлықларын тийеп Үргеништен жасырын қашып шығып, Қарақумнан аман-есен өтип, Илал қорғанына (Арқа Иран) жеткенде тутқынға алынады. Усы ўақыялар аўыздан-аўызға өтип, Жезкемпир аңызының келип шығыўына да себеп болған деп ойлаймыз. Аталмыш орыннан археологиялық қазылмалар пайытында көплеп теңгелер табылғаны да аңызлардың астарында ҳақыйқатлық бар екенлигин дәлийллейди.

Үстирттеги және бир аңыз ҳәм рәўиятларға арқаў болған тарийхый орынның бири – **Ибрайым шаҳ** қойымшылығы саналады.

Қоңырат районының Түркменстан Республикасы менен шегаралас аймағында, Хантерсек қалашасынан 14-15 км қубла-батыста Үстирт тумсығында Ибрайым шаҳ қойымшылығы ҳәм мавзолейи жайласқан. Ибрайым шаҳ қойымшылығы ҳәм мавзолейи ҳаққында Х.Есбергеновтың «Қоңырат: тарийхый ҳәм мәдений естеликлери» атамасындағы китабында мынандай мағлыўмат келтириледи: «Ибрайым шаҳ гүмбези орта әсирлерге тән жалпақ таслар менен XIV әсирге тән усыл – «Ёлка»ға уқсас усыл менен өрилген…. XVII-XVIII әсир естелиги. Ибрайым шаҳтағы екинши гүмбез XVII-XVIII әсир естелиги, Бөтентаў (Үстирттиң қурамлас бөлеги, сәл ажыралып турғанлықтан усылай аталған)да Ибрайым Әдем (Әдҳам)ниң мазары орналасқан IX-XI әсир естелиги. Буннан қашық емес жерде Бөтентаўда Ибрайым Әдҳамның обасы орналасқан» [8:86]. Ғ.Хожаниязов ҳәм О.Юсупов авторлығындағы «Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар» Қоңырат районындағы қәбирстанлар дизимине Ибрайым шаҳ қойымшылығы да енгизилген [9:63].

Ибрайым шаҳ туўралы мынандай аңыз-рәўиятлар өрбиген:

Ибрайым Әдҳам тарийхый шахс. Ол Балх ўәлаяты (Аўғанстан) тахтын ийелеген, яғный шаҳ болған.

Ол шаҳлық дәўирде-ақ ел арасында әдил ҳүкимдар, данышпан, әўлийе сыпатында аты шыққан. Ол ғәрип-қәсер, жетим-жесир, соқыр-майыпларға турақлы түрде ғамхорлық еткен. Бирақ, ол бир күни тахттан ўаз кешкен. Не ушын?

Қурайшийдиң «Рисола»ларында былай делинген: «Ибраҳим ибн Адҳам Балх баянларынан. Аў пайытында түлки яки қоянның арқасынан қуўып баратырғанында, ғайыптан: «Сен усы нәрсе ушын жаратылдың ба, соған буйырылдың ба?!» деген даўыс келеди. Соны еситиўден, аттан түседи. Аталарының шопанларын ушыратып, оған ат, кийим-кеншек ҳәм басқа нәрселерди береди де, шөлистанлыққа қарай шығып кетеди. Өз дәўириниң алымлары арасында Ибраҳим ибн Адҳам өзиниң әжайып ораторлығы менен ажыралып туратуғын еди. Диний саўатлы Суфён Ас-Саври, оның тәлийматын тыңлаў ушын келгенлер арасында оны байқап, бул салый инсанның ораторлығын ҳәм саўатлылығын ҳүрмет етиў ушын өзиниң сөзин жуўмақлаўға асығады. Солай етип ол Суфён Саврий ҳәм Фузайл ибн Иёз сыяқлы уламалар менен досласады. Шамда жасайды. Орақшылық ҳәм бағда қараўылшылық етип тиришилик етеди [3].

Және бир рәўиятта айтылыўынша, Ибрайым Әдҳам сарайдың төбесинде бир кисиниң жүргенинен ояныП кетеди. Ол даўыслап «Сен кимсең?» деп сорайды. «Түйемди излеп жүрмен» деген жуўапты еситип шаҳ таң қалады ҳәм «Сарайдың төбесинде түйе не қылады?» дейди. Сарайдың төбесинен «Әй ғапыл, сен Қудайды алтын тахтың үстинде зер шапан кийип излейсең, алтын тахт үстинде Қудай не қылады?» деген саза

келеди. Бул саза Ибрайымның қалғыған қәлбин оятады.

Муҳаммед Румий (орта әсир тарийхшысы) буларға қосымша үшинши рәўиятты келтиреди: Ибраҳим Әдҳамның алдына келген мүсәпир гезбениң сарайды кәрўансарайға теңлестиргени оған жақпайды. Сонда мүсәпир гезбе Ибраҳимнен, бул сарай илгери кимдики болғанлығын сорайды. Шаҳ болса бирнеше әждадларынан усы сарайда жасап өткенлигин айтады. «Бири келип, бири кетсе, кәрўансарай болмай не бул?» дейди де мүсәпир көзден ғайып болады [2].

Суфизм тәлийматының тийкарын салыўшылардың бири сыпатында танылған Ибраҳим Әдҳам пүткил мусылман дүньясында белгили ири тулға. Ол туўралы Октябрь төңкерисинен бурын халқымыз арасында рәўият, әпсаналар, сондай-ақ, «Ибраҳим Адҳам» қыссасы кең тарқалған. Усы қысса С.Рафиддинов сөзбасысы менен «Ибраҳим Адҳам қиссаси» [10], К.Тоҳиров сөзбасысы менен «Қиссаи Ибраҳим Адҳам» [11] деген атамаларда басылып шықты.

Ибраҳим Адҳамның толық исми-щәрипи Әбиў Исҳаҳ Ибраҳим Адҳам бинни Сулайман бинни Мансур Балхий. Ол ҳәзирги Аўғанстанның Балх қаласында дүньяға келген. Қашан туўылғаны белгисиз. Шама менен 778-жылда қайтыс болған. Оның әкеси Ислам динин жайыў дәўиринде болған саўашлар ақыбетинде бул жерге келип қалған. Араблардың Бану Тамим қәўиминен, патшазадалар әўладынан, әскерий адам болған. Усы себепли ол Маликшаҳтың қызы Маликаи Хубонға үйлениўге ерискен. Бирақ, ол тахт ийелеўге қызықпаған, дәрўишлик турмыс кеширген. Усындай орталықта тәрбияланған.

Ибрайым Әдҳам туўралы қыссада оның шаҳлықтан ўаз кешиўдей мәртликке жолаўшы бир дәлил бар, ол жоқарыдағы рәўият қабығына оралған барлық дәлийллерден көре әҳмийетли. Ибрайым өткинши дүньяның ҳәмме ҳәўеслеринен, шаҳлық сыяқлы шексиз ҳуқық ҳәм имканиятлардан ўаз кешиўинде әкеси Әдҳам дәрўиштен үлги алған.

Мағлыўматларға қарағанда, өмириниң көп бөлегин Сирияда өткерген Ибрайым Әдҳам византиялықлар менен болған саўашта қазаланған [12]. Лекин, әўлийелердиң рәмзий қәбирлери ҳәр қыйлы қала, мәмлекетлерде болатуғыны сыяқлы Ибрайым Әдҳамның да қәбири анық қай жерде екенлиги анық емес. Мусылман дүньясына кеңнен белгили болған ири тулға, суфизм тәлийматының тийкарын салыўшылардың бири Ибраҳим Әдҳам өзи дәслепкилерден болып тийкар салған суфизм тәлийматын үгит-нәсиятлаў ушын көп журтларды гезген, соның ишинде бизиң муқаддес топырағымызға да қәдеми жеткен болыўы итимал.

Улыўма алғанда, Ибрайым Әдҳам туўралы аңыз-рәўиятлар көп. Ал, оның ибратлы сөзлери инсаният руўҳының азығы сыпатында неше әсирлерден бери қунын жойытпай келмекте. Усындай ислам әлеминиң жарқын тулғасының ҳүрметине рәмзий қәбир қойылыўының өзи (бизиң журтымызда оның денеси жерленген-жерленбегени дәлилленбеген) өтмиште халқымыздың уламаларға, ислам мәдениятына болған үлкен муҳаббатынан дәрек береди.

**Әдебиятлар**


1. Жуманазаров У. Ўзбек фольклори – тарихий воқелик. –Тошкент: «Фан», 1991.
2. Информатор: Жаббарберген (Жапақ) Шамуратов, 1954, Нураный, Өзбекстан халық билимлендириў ағласы, Қоңырат қаласы, Еркин аўылы.
3. Теркен-хатун. Повелительница женщин мира. URL: http://www.tarih-begalinka.kz/ru/timetravel/page3512/
4. Шамшаддинова С.С. Қоңырат районындаңы базыбир топонимлер ҳаққында. URL: https://kknews.uz/kk/166838.html.
5. Амиров Ш. Новые данные к археологической топографии Пулжая // История и археология Турана. №4, 2019. –С.198-211.
6. Қдырниязов О.Ш. Ўрта аср Оролбўйи шаҳарлар культурогенезида этномаданий жараёнлар. // ҚМУ Хабаршысы, 2018, №3.
7. Кдырниязов М.Ш., Саипов С.Т., Алимбетов А.К., Кдырниязов О.-Ш. Городище Пульжай. // Вестник КГУ, 2015, №1.
8. Есбергенов Х. Қоңырат: тарийхый ҳәм мәдений естеликлери. – Нөкис: "Билим", 1993.
9. Хожаниязов Ғ., Юсупов Ю. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.
10. Иброҳим Адҳам қиссаси /нашрга тайёрловчи ва сўз боши С.Раъфиддинов. –Тошкент: 1991.
11. Қиссаи Иброҳим Адҳам / тузувчи ва сўзбоши Қ.Тоҳиров. -Самарқанд: «Зарафшон», 1993.
12. Ibrahim Ibn Adham: The prince of Sufis. URL: https://english.ahram.org.eg/News/256255.aspx



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Устюртдаги тарихий ёдгорликлар хусусида халқ оғзаки ижоди орқали тарқалган афсона ва ривоятлардаги тарихий воқелик ҳақида сўз юритилади. Муаллиф Пулжай, Тенгешашқан, Жезкемпир номлари билан аталадиган тарихий жойнинг нима учун шундай аталгани ҳақида тарихий-лингвистик таҳлил ўтказади. Шунингдек, Устюртнинг жануби-шарқий қисмидаги муқаддас жой – Ибраҳим шоҳнинг мақбараси ва қабристони жойлашган манзил ҳақида ҳам қизиқарли маълумотларни ўқувчилар эътиборига ҳавола этади.

**РЕЗЮМЕ**. В статье говорится об исторической реальности в легендах и притчах об исторических памятниках Устюрта. Автор проводит историко-лингвистический анализ того, почему исторические места под названием Пулджай, Тенгешашкан и Джезкемпир получили такое название. Также вниманию читателей предлагаются интересные сведения о священном месте юго-восточной части Устюрта – мавзолее и кладбище царя Ибрагима Адхама.

**SUMMARY.** The article talks about the historical reality in legends and parables about the historical monuments of Ustyurt. The author conducts a historical and linguistic analysis of why historical places called Puljay, Tengeshashkan and Dzhezkempir received such a name. Readers are also offered interesting information about the sacred place in the southeastern part of Ustyurt - the mausoleum and cemetery of King Ibrahim Adham.


## YOSHLARNING FUQAROLIK TARBIYASIDA FUQAROLIK POZITSIYANING O‘RNI


**N.T.Orınbetov –** *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** globallashuv, fuqarolik tarbiya, fuqarolik ta’lim, fuqarolik pozitsiyasi, qadriyatlar, huquqiy ta’lim, huquqiy tarbiya, huquqiy madaniyat.

**Ключевые слова:** глобализация, гражданское воспитание, гражданское образование, гражданская позиция, ценности, правовое образование, правовое воспитание, правовая культура.

**Key words:** globalization, civic upbringing, civic education, civic stand,values, legal education, legal nurturing, legal culture.


Bugungi kunda O‘zbekiston fuqarosining davlat va jamiyat bilan munosabatlari tubdan o‘zgarmoqda. U o‘zini hayotning turli jabhalarida mustaqil shaxs sifatda ro‘yobga chiqarishning katta imkoniyatlariga ega bo‘ldi, shu bilan birga o‘zining va boshqa kishilarning taqdiri uchun mas’uliyati ham benihoya oshdi. Bunday shaxsni tarbiyalash, fuqarolik tarbiyasining bosh strategiyasi yo‘nalishida muvaffaqiyatga erishish faqatgina shaxsni ijtimoiy ahamiyatga molik faoliyatga jalb qilish va mazkur jarayondagi ongli ishtiroki, o‘z-o‘zini boshqarishni rivojlantirish orqali amalga oshirish mumkin.

Mamlakatimizning "Milliy tiklanishdan – milliy yuksalish sari" tamoyili asosida taraqqiyotning yangi bosqichiga o‘tish davrida yoshlarning qonun hujjatlari